Приложение 6
к АООП НОО с НОДА

**ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ**
по учебному предмету Родной (чеченский) язык
для обучающихся с НОДА (вариант 6.2)
4 класс, УМК «Школа России»

Разработчик: учителя начальных классов

Грозный
2023г

# ПОЯСНИТЕЛЬНАЯ ЗАПИСКА

Контрольные диагностические работы по родному (чеченскому) языку составлены на основании:

- ФГОС начального общего образования обучающихся с ограниченными возможностями здоровья. (Утвержден приказом Министерства образования и науки РФ от 19.12.14г №1598);
- Абат. Э.Х. Солтаханов, И.Э. Солтаханов, С.Э. Эдилов. «Грозненский рабочий» 2022 шо. (Сборник рабочих программ «Школа России» 1 – 4 классы. – Москва .:)
- Рабочей программы по учебному предмету «Родной (чеченский) язык».

Данные диагностические работы адаптированы для проверки знаний обучающихся с НОДА.

**Цель**: Определить уровень сформированности у обучающихся знаний, умений, навыков по предмету Родной (чеченский) язык за 4 класс.

**Назначение контрольных заданий.**

Основной целью диагностических работ является объективная оценка уровня овладения знаниями, умениями и навыками, соответствующими государственному образовательному стандарту по родному (чеченскому) языку 4 класса с НОДА.

**План и структура контрольных заданий**.

Диагностические работы содержат базовые задания, позволяющие проверить освоение базовых (опорных) знаний и умений по предмету, без которых невозможно успешное продолжение обучения на следующей ступени. Задания представлены в двух вариантах, различающихся по содержанию и уровню сложности.

**Время выполнения работы.**

Время выполнения работы 40 минут.

**Паспорт фонда оценочных средств**
для проведения текущего контроля успеваемости
и промежуточной аттестации по **Родному (чеченскому) языку**

| № п/п | Контролируемые разделы (темы) учебного предмета, курса, дисциплины (модуля) | Наименование оценочного средства |
|---|---|---|
| 1 | Йуьхьанцара хаарш талларан талламан болх | Талламан диктант №1 |
| 2 | Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан болх | Талламан диктант №2 |
| 3 | Талламан т1ера схьаяздар №1 | Талламан т1ера схьаяздар №1 |
| 4 | Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх | Талламан диктант №3 |
| 5 | Ц1ердош. | Талламан диктант №4 |
| 6 | Талламан т1ера схьаяздар №2 | Талламан т1ера схьаяздар №2 |
| 7 | Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх. | Талламан диктант №5 |
| 8 | Билгалдош. | Талламан диктант №6 |
| 9 | Шеран хаарш талларан талламан болх. | Талламан диктант №7 |

**Йуьхьанцара хаарш талларан талламан болх**

**Диктант №1**

**Г1о дар.**

Де хатт болуш дара. Новкъа йог1ура йоккха стаг. Иза, ког а шершина,охьаккхийтира. Ведда т1евахара цунна к1ант. Цо г1о дира йоккхачу стагана хьалаг1атта. Йоккхачу стага цунна баркалла элира. К1анта д1кхетийра йоккха стаг иза йоьдачу.

Цу к1антана оьзда ву ала х1унда мегар ду?

**Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан болх**

**Диктант №2**

**Шовда.**

Тхуна гена доцуш шовда ду. Шовданан хи шийла ду. Тхан юьртахоша мала цигара хи кхоьхьу. Баккхийчу наха шовданан го тобеш белхаш бо. Оха бераша а лардо шовда бердах. Хи ц1ена хилча, цамгарш евр яц. Иза тхуна школехь а хьоьху.

Шовданан чу хьаьжча, бухара г1ума, кегий т1улгаш а гуш хуьлу. Сирла ду шовданан хи.

**Грамматически т1едиллар:** Шалхачу элпашна к1ел сиз хьакха

**Талламан т1ера схьаяздар №1**

**Хьажк1а.**

Хьаьжк1а дика ялта ду. Дукха тайп- тайпана пайдехь х1уманаш йоху хьаьжк1ех. Хьаьжк1ехь кехат а, кинопленка а, мачашна айраш а, саба а, шекъанаш а до. Кхин а дукха х1уманаш йоху хьаьжк1ех.Шуьйра д1асаяьржина вайн махкахь хьажк1а. Хьалха цкъа а хьаьжк1а лелош ца хиллачохь а ю изи кхуьуш. Генарчу къилбаседерчу шийлачу меттигашка а кхьачна иза.

**Грамматически т1едиллар:** Цхьана орамера долу дешнашка к1ел сиз хьакха

**Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх**

**Диктант №3**

**Ч1ег1ардиг.**

Ч1ег1ардиг аьхкенан олхазар ду. Бовхачу махкахь а даьккхина духадеача. Шен стохкалерчу бена чу даха хуу иза. Цунна дика евза ша даьхна меттигаш. Шен бен бохийна карийча, поппар а кхоьхьуш и юха тобо цо. Цьнан бен адамаш дехачу меттигана герга хуьлу. Адамаш деха меттиг маьрша хетта цунна.

**Грамматически т1едиллар:** Шалхачу элпашна к1ел сих хьакха.

## Талламан диктант №4

### Экскурси.

Кхана заводе экскурси г1ур ду, аьлла д1ахьедира берашка хьехархочо. Шолг1ачу дийнахь мог1ара д1а х1иттина дахара бераш. Берашца цхьана хьехархо а вара.

Цхьана белхалочуьнца хьоьжуш цехашна чухула чекхдевлира бераш. Заводан берриг а белхаш бовзийтара белхалочо. Школера дешна ваьлча ша заводе балха г1ур ву, элира Султана. Султанца заводе балха ваха реза хилира Аюб.

**Грамматически т1едиллар**

Ц1ердешнашна к1ел сиз хьакха.

## Талламан т1ера схьаяздар №2

### Решид.

Стохка шолг1ачу классехь доьшуш вара Решид. Кхушара иза кхоалг1ачу классехь хир ву.

Берриг урам а къарзбина, школе оьхуш дара кегий бераш. Массо а вара, Решид сана, ц1ена кечвелла. Зезагаш а карахь долчу берийн самукъане яхьхаьшкахь хьаьжча, хазахетий, велакъежара Решид.

## Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх.
## Диктант № 5

### Хьуьнхахь.

Кегий т1оьрмагаш а, тускарш а эцна хьуьнха дахара бераш. Ц1ен, к1айн, сийнан зезагаша къарзийнера хьуьнан хьалхьар аре. Жимма зезагаш а даьхна, хьун чу дуьйлира бераш. Ц1азамаш, б1араш, мангал-комарш ехира цара.

Самукъане дара хьунхахь. Олхазарш тайп-тайпана эшарш лоькхура. Д1а ког баьккхинчохь бохург сана, шийла шовданаш дара.

Хаза садаь1ира бераша.

**Грамматически т1едиллар**

Хьалхарчу предложенехь билгалъйаха коьрта меженаш

**Талламан диктант№ 6**

**Къоламаш.**

Дукхе-дукхе хьалха стелахьаштиго доккха дитт дагийнера. Дог1 тийначул т1аьхьа адамашна дитт лаьттинчохь цхьа 1аьржа х1ума карийра. Иза к1ора бара. Цуьнца уьстаг1ашна т1ехь билгалонаш йира цара. Ткъа йохкаршца тускарш т1ехь йинера.

Иштта гучудевлира дуьххьарлера къоламаш. Амма цара куьйгаш бехдора, уьш атта кеглора. Т1аккха наха цунна т1е аса хьарчийра. Цул т1аьхьа ч1ог1а даш дан а 1емира.

Дукха хан д1аяьлла нахана къоламашна т1е дечиган ботт ян 1емара.

**Грамматически т1едиллар**

Сехьадаха ма-деззара декъа а доькъуш д1айазде дешнаш: къоламаш, дечиг, адамаш.

**Шеран хаарш талларан талламан болх**

**Олхазар.**

Цхьадолу олхазарш гурахь бовхачу махка д1адоьлху. Церан д1адахар тайп-тайпана хуьлу. Ч1ег1ардигаш яккхий тобанаш йой доьлху. Г1арг1улеша кхосаберг йо. Г1езаша мог1а бо.

1а д1адаьлча юха а схьакхочу олхазарш. Царна шаьш хьалха хан яьккхин а меттигаш евза. Цигахь совцу уьш шаьш юха кхаьчча. Шайн хила бенаш юха то а до, керланаш а до цара.

Бошмашна зуламе йолу садолу х1уманаш а юу олхазарша. Цундела лору уьш белхалоша бошмийн доттаг1ий.